



Ou kapab jwenn fòmilè "KONSANTMAN POU DIVILGE AK/OSWA JWENN ENFÒMASYON SANTE KI PWOTEJE (PHI)" atravè Pòtal Kliyan an.

Mwen konprann ke, kòm yon pati nan tretman ak/oswa sèvis mwen resevwa, Chrysalis Health kreye, anrejistre, epi konsève enfòmasyon sou sante mwen ansanm ak opinyon pwofesyonèl ki dekri istwa sante mwen, sentòm mwen yo, rezilta egzamen ak tès yo, dyagnostik mwen, tretman/sèvis mwen resevwa, ak plan pou swen nan lavni. Yo rele enfòmasyon sa yo Enfòmasyon Sante ki Pwoteje (Protected Health Information oswa PHI).

Mwen konprann ke enfòmasyon medikal mwen yo (PHI) konsènan kondisyon sante mwen, tretman ak/oswa sèvis mwen resevwa, ki gen ladan enfòmasyon sou sante mantal ak/oswa itilizasyon oswa abi sibstans, pa ka pataje ak okenn lòt moun oswa òganizasyon san konsantman alekri mwen, jan lwa federal ak lwa eta yo egzije. Lwa sa yo gen ladan, men yo pa limite a:

- Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante 1996 (HIPAA);
- Kòd Règleman Federal (CFR), Tit 42, Pati 2 – Konfidansyalite Dosye Pasyan ki gen rapò ak Alkòl ak Dwòg;
- Tit 45, Pati 160, 162, ak 164 – Sekirite ak Konfidansyalite.

Eksepte nan ka lalwa pèmèt sa, epi sèlman nan limit règleman sa yo prevwa, enfòmasyon sa yo pa pral divilge. Avèk konpreyansyon sa a, epi pou ede gide, planifye, ak bay tretman ak/oswa sèvis yo,

Lè mwen siyen Fòm Konsantman Chrysalis Health la, mwen dakò pou otorize Chrysalis Health divilge enfòmasyon bay, oswa jwenn enfòmasyon nan men, moun oswa ajans ki endike sou fòm nan.

Mwen konnen mwen ka limite konsantman mwen pou sèlman kèk moun oswa òganizasyon, kèk enfòmasyon espesifik, oswa kèk itilizasyon espesifik. Mwen konprann tou ke Chrysalis Health gen dwa refize bay mwen tretman oswa sèvis si li pa dakò ak limit mwen menm oswa responsab legal mwen mete sou fason yo itilize oswa pataje PHI mwen.

Mwen konnen mwen gen dwa resevwa yon kopi PHI mwen pa imèl ki pa chiffres (unencrypted email). Mwen konprann ke resevwa PHI pa yon imèl ki pa chiffres gen risk pou yon lòt moun ki pa otorize ka li oswa jwenn aksè ak enfòmasyon sa yo pandan y ap voye yo.

Anplis de sa, mwen konprann mwen ka retire konsantman mwen alekri nenpòt ki lè, depi Chrysalis Health poko pran mezi ki baze sou konsantman sa a. Si mwen deside retire konsantman mwen, mwen dakò pou voye demann alekri a bay "Privacy Officer" (Responsab Konfidansyalite a).

Finalman, mwen dakò ke mwen resevwa yon kopi Avi sou Konfidansyalite Chrysalis Health la, epi mwen te gen opòtinite pou li li, revize li, epi konprann li anvan mwen bay konsantman mwen pou kondisyon ki nan akò sa a.